दिन– मंगलवार दिनांक–24.12.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रगति यात्राक दोसर दिन आइ पूर्वी चंपारण जिला के तीन सय करोड़ टाकाक लागतवला कतेको परियोजनाक लोकार्पण आओर शिलान्यास कयलनि। श्री कुमार केसरिया आओर सुगौली प्रखंडक कतेको पंचायत मे स्कूल भवन, खेल मैदान, मनरेगा पार्क, पंचायत भवन, जीविका भवन, पोखरि आओर आहर निर्माण सँ जुड़ल कतेको परियोजनाक शिलान्यास आओर लोकार्पण कयलनि। मुख्यमंत्री केसरिया मे जीविका दीदी सभक संग संवाद सेहो कयलनि। एहि मौका पर ओ जनौलनि जे महिला सभक सशक्तिकरण सँ समाजक सशक्तिकरण भऽ रहल अछि। श्री कुमार केसरिया मे सुंदरापुर उत्क्रमित उच्च माध्यमिक विद्यालयक नवनिर्मित भवनक उद्‌घाटन सेहो कयलनि। मुख्यमंत्री जनौलनि जे जीविका कार्यक्रम राज्य मे गरीब लोकनिक उत्थान मे पैघ भूमिका निभौलक अछि। श्री कुमार बाद मे जिलाक विकास सँ जुड़ल मोतिहारी मे एक उच्च स्तरीय समिक्षा बैसक कयलनि। ओ शिक्षा, स्वास्थ्य आओर आनो–आन क्षेत्र मे कयल जा रहल काजक जायजा लेलनि।

---

आइ राष्ट्रीय उपभोक्ता दिवस मनाओल गेल। ऐहि मौका पर केन्द्रीय उपभोक्ता कार्य मंत्री प्रह्लाद जोशी वर्चुअल माध्यम सँ ऐप आओर डैशबोर्ड शुरू कयलनि। श्री जोशी उपभोक्ता सभक हितक सुरक्षा आओर ई–कॉमर्स प्लेटफॉर्म पर डार्क पैटर्नक पहिचान करबाक लेल जागो ग्राहक जागो ऐप, जागृति ऐप आओर जागृति डेशबोर्ड शुरू कयलनि। एहि सँ उपभोक्ता सभ के सशक्त बनायब अछि। श्री जोशी जनौलनि जे उपभोक्ता सभक अधिकारक रक्षा आओर हुनका सशक्त बनेबाक लेल सरकार प्रतिबद्ध अछि।

---

उपभोक्ता दिवसक मौका पर प्रदेश भरि मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। पटनाक अधिवेशन भवन मे भेल कार्यक्रम मे खाद्य आओर उपभोक्ता संरक्षण विभागक मंत्री लेशी सिंह उपभोक्ता सभक अधिकार आओर संरक्षण पर आधारित पोथीक विमोचन कयलनि। ओ जनौलनि जे हरेक स्तर पर उपभोक्ता सभक अधिकारक संरक्षण जरूरी अछि। ओतहि,

राज्य उपभोक्ता आयोग द्वारा आयोजित कार्यक्रम मे पटना जिला उपभोक्ता आयोगक अध्यक्ष रंजन मिश्रा जनौलनि जे उपभोक्ता संरक्षण कानून उपभोक्ता सभक अधिकारक रक्षा लेल सक्षम अछि। एम्हर, शिवहर, समस्तीपुर, बेगूसराय सहित कतेको जिला मे सेहो उपभोक्ता आयोग कार्यलाय मे समारोहक आयोजन कऽ लोक सभ के उपभोक्ता अधिकारक जनतब देल गेल।

——————————————————

केन्द्र सरकार पीएम उच्चतर शिक्षा अभियान मे ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय, दरभंगा आओर पटना विश्वविद्यालय के शोध विश्वविद्यालयक दर्जा देलक अछि। एहि लेल शिक्षा मंत्रालय बिहार उच्चतर शिक्षा परिषद के स्वीकृति पत्र पठा देलक अछि। एहि सँ ई विश्वविद्यालय मे अनुशंधान काज के आओरो बढ़ावा भेटत। एहि मे विश्वविद्यालय के सय–सय करोड़ टाका भेटत। एहि सँ बुनियादी ढाँचा, शोध–सुविधा, आधुनिक लैब उपकरण आओर स्मार्ट क्लास सहित आनो–आन शैक्षणिक काज के बढ़ाबय मे मददि भेटत।

——————————————————

केन्द्रीय आद्योगिक सुरक्षा बल मे पदस्थापनक नव नीति लागू कऽ देल गेल अछि। बलक आईजी के.सी. सामांतारे जनौलनि जे सी.आई.एस.एफ मे पहिल बेर पसिन आधारित पदस्थापना नीति शुरू कयल गेल अछि। ओ जनौलनि जे एहि मे हरेक कर्मी के दस पसिनक स्थानक सूची देबाक मौका देल जायत।

——————————————————

प्रदेश मे पछिया हवाक असरि सँ बेसी ठाम ठंढ़ा थोडेक बढ़ल अछि। मौसम विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच हवाक रूख मे बदलि भेला सँ राज्यक बेसी ठाम तापमान मे आंशिक कमि भेल अछि। आइ समस्तीपुरक पूसा राज्यक सभ सँ बेसी ठंढ़ा स्थान रहल, जतय न्यूनतम तापमान छओ दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस रहल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच तापमान कमि सकैत अछि। एहि बीच पश्चिम पंचारण, पूर्वी चंपारण, सारण सहित राज्यक उत्तर–पश्चिमी क्षेत्र मे बेसी ठाम घनगर कुहेस छाओल रहि सकैत अछि।

——————————————————

ओडिशाक कटक मे खेलल गेल विजय मर्चेंट क्रिकेट प्रतियोगिताक एक मोकाबिला मे बिहारक टीम नागालैंड के एक पारी आओर एक सय संत्तावन रन सँ हरा देलक। फॉलो ऑन

खेलैत नागालैंडक टीम दोसर पारी मे एक सय आठ रन पर सिमटि गेल। एहि सँ पहिने बिहार पहिल पारी मे सार्थक झाक एक सय एकानवे आओर अनमोल कुमारक छियानवे रनक पारीक दम पर आठ विकेटक नोकसान पर तीन सय छियासी रन बनौने छल। बिहार क्रिकेट संघ विजय टीमक खेलाड़ी सभ के बधाई देलनि अछि।

————————————————————————

मधुबनी जिलाक जयनगर मे कमला नदिक पूर्वी भाग मे बराज बनेबाक लेल जमीन अधिग्रहणक उचित मुआवजाक मांग के लऽकऽ जमीन मालिक सभक धरना आइ छठम दिन जारी अछि।

अररियाक जिला समाहरणलय मे सुशासन सप्ताहक मौका पर एक दिवसीय कार्यशालक आयोजन कयल गेल। कार्यशालक उद्घाटन जिलाधिकारी अनिल कुमार कयलनि।

————————————————————————

समाप्त